



Joe Scott, Supervisor of Elections
4650 NW 21st Avenue
Fort Lauderdale, FL 33309
(954) 357-VOTE • BrowardVotes.gov

POU FÈ SÒTI IMEDYATMAN

8 Out 2024

Vote Bonè pou Eleksyon Primè a nan Broward kòmanse Samdi sa a

Konte Broward, FL— Vote Bonè pou Eleksyon Primè 20 Out yo kòmanse Samdi 10 Out sa a. Votè ki te anrejistre pou vote anvan 22 jiyè 2024, elijib pou vote bonè. Sa ki anba la yo se rapèl itil sou fason pou w prepare pou Vote Bonè:

- **Genyen Vennwit (28) Lokal Vote Bonè** ki byen sitiye toupatou nan zòn Konte Broward la epi yo disponib soti samdi 10 Out pou rive jiska dimanch 18 Out. Tanpri ale vizite Paj Entènèt nou an nan browardvotes.gov (oswa dokiman .pdf ki atache a) pou jwenn yon lis konplè lokal pou vote bonè.
- **Orè pou vote bonè yo** soti 10è dimaten pou rive jiska 7è diswa.
- **Votè Konte Broward ki elijib yo** ka ale nan nenpòt Lokal Vote Bonè pou vote.
- **Bwat an sekirite pou depoze Bilten Vòt yo** disponib nan tout Lokal Vote Bonè yo pou votè yo depoze bilten Vote-Pa-Lapòs yo.
- **Votè ki gen andikap yo** ap kapab vote epi sèvi avèk yon machin Americans with Disabilities Act (ADA) ke y'ap jwen nan chak kote ke ou ka Vote Bonè yo.
- Votè yo ta dwe sonje ke **Lalwa Florid egzije votè yo pou yo prezante yon pyès idantifikasyon ki gen foto ak yon siyati** sou li lè y'ap vote an pèsòn. [Klike la pou jwenn ki fòm ID akseptab](http://browardvotes.gov) oswa ale vizite Paj Entènèt nou an nan browardvotes.gov.

Joe Scott, Sipèvizè Eleksyon Konte Broward la, ankouraje tout votè ki elijib pou yo pwofite Vote Bonè. "Vote Bonè se yon gwo opòtinite pou votè yo voye vòt yo nan yon fason ak yon kote ki pi bon pou yo. Nou rann li byen pratik e an sekirite ke posib pou asire tout moun ka patisipe nan pwoesisis demokratik la. Mwen ankouraje tout votè ki kalifye yo pou sèvi ak peryòd sa a, epi asire yo tande vwa yo. Pa bliye mennen yon zanmi oswa yon manm fanmi avèk ou lè w'ap vote bonè."

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale vizite browardvotes.gov oswa kontakte biwo nou an dirèkteman nan 954-357-VOTE (8683). Ou ka swiv nou tou sou rezo sosyal yo nan @BrowardVotes .

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte:

Lisa Arneaud, Ofisyen Enfòmasyon Piblik

954-654-1611

larneaud@browardvotes.gov



ORÈ VOTE BONÈ

ELEKSYON PRIMÈ

DEPI 10 OUT 2024 POU RIVE JISKA 18 OUT 2024 • 10ZÈ DIMATEN POU RIVE JISKA 7È DISWA

KOTE POU VOTE BONÈ 2024

Bibliyotèk Rechèch Sou Afriken Ameriken 2650 Sistrunk Boulevard (NW 6th St.) Ft. Lauderdale, FL 33311	Branch Bibliyotèk Miramar * 2050 Civic Center Place Miramar, FL 33025
Broward College A. Hugh Adams Central Campus Bldg #3 Room 117 Davie, FL 33314	Klib Foutbòl Nob Hill 10200 Sunset Strip Sunrise, FL 33322
Sipèvizè Eleksyon Konte Broward • 4650 NW 21st Avenue Fort Lauderdale, FL 33309	Branch Bibliyotèk North Lauderdale Saraneiro 6901 Kimberly Boulevard North Lauderdale, FL 33068
Branch Bibliyotèk Carver Ranches 4735 SW 18th Street West Park, FL 33023	Bibliyotèk Rejyonal Nò/Broward College 1100 Coconut Creek Boulevard Coconut Creek, FL 33066
Branch Bibliyotèk Dania Beach Paul DeMaio 1 Park Ave East Dania Beach, FL 33004	Bibliyotèk Rejyonal Nòdwès* 3151 University Drive Coral Springs, FL 33065
Branch Bibliyotèk Davie/Cooper City 4600 SW 82nd Avenue Davie, FL 33328	Sant Teyat Pine Trails Park 10555 Trails End Parkland, FL 33076
Sant Sivik Emma Lou Olson 1801 NE 6th Street Pompano Beach, FL 33060	Sipèvizè Eleksyon ki nan Sant kominotè E Pat Larkins 520 Martin Luther King Boulevard Pompano Beach, FL 33060
Branch Bibliyotèk Ft. Lauderdale /Art Serve 1350 E. Sunrise Boulevard Ft. Lauderdale, FL 33304	Sipèvizè Eleksyon ki nan Lauderhill Mall * 1519 NW 40th Avenue Lauderhill, FL 33313
Sant Kiltirèl Kominotè Hallandale Beach 410 SE 3rd Street Hallandale Beach, FL 33009	Bibliyotèk Rejyonal Sid/Broward College 7300 Pines Boulevard Pembroke Pines, FL 33024
Handy, Inc 1717 North Andrews Avenue Fort Lauderdale, FL 33311	Bibliyotèk Rejyonal Sidwès * 16835 Sheridan Street Pembroke Pines, FL 33331
Sant kominotè Hillsboro 50 Hillsboro Technology Drive Deerfield Beach, FL 33441	Branch Bibliyotèk Tamarac * 8701 W. Commercial Boulevard Tamarac, FL 33321
Branch Bibliyotèk Hollywood 2600 Hollywood Boulevard Hollywood, FL 33020	Branch Bibliyotèk Tyrone Bryant 2230 Northwest 21st Avenue Fort Lauderdale, FL 33311
Sant Kiltirèl Island City Nan Wilton Manors 600 Northeast 21st Court Wilton Manors, FL 33305	Bibliyotèk Rejyonal West 8601 W. Broward Boulevard Plantation, FL 33324
Sant Bibliyotèk Lauderhill Towne 6399 West Oakland Park Blvd Lauderhill, FL 33313	Branch Bibliyotèk Weston 4205 Bonaventure Boulevard Weston, FL 33332